gazetavpered@list.ru

*Ассаламу гIалайкум!*

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№34 (6863) * 24 АВГУСТ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 12 РАБИГIУЛ АВАЛ 1448 с. *

КIВАР БУГЕБ СУАЛ

## БагIараб кьоялда хIалтIаби

**БагIараб кьода специалистаз байбихьана кьо щула гьабизелъун ремонтазул хIалтIаби гьаризе.**

Подрядчиклъун кколеб «Сибрегионстрой» абураб гIуцIиялъ тIоритIизе руго хIажатал хIалтIаби. Ремонталъул бутIа хIисабалда нухлул рагIал ва маххул рахъал рахъизе ккезе руго, хадуб цIидасан данде гьаризе ккезе руго. Аслияб масъала ккола кьоялъул кьучI цIигьаби ва гьелъул кьучI жеги щула гьаби, божилъи бугеб ва хулареблъунги букIине.

Гьанже кьода хIалтIулел руго лъабго батIияб техника, хадубккун жеги тIаде техникаги хIалтIизе биччазе бугила гьарулел хIалтIаби хехго лъугIизелъун.

Гьарулел хIалтIаби лъугIизе гьаризе рекIеда буго октябрь моцIалъул ахиралде.

Гьединго районалъул бетIер М.ТIагьировас жиндицаго хал ккезе буго гьарулел хIалтIабазда хадур. КIвар бугеб жо ккола объект лъикIаб къагIидаялъ ва заманалда рагIалде бахъинаби.

БагIараб кьо къачIалеб букIадго балеб буго лъелго хьвадулел гIадамазе нух.

«Чачан республикаялъул гIорхъи – Болъихъ – Хунзахъ – ГьерекIдерилучасток» («БагIараб кьо») трассаялъул 133 километралда бугеб кьода специалистаз биххизабулеб буго асфальт-бетон ва риххизарулел руго нухлул плитаби. Гьелдаго цадахъ аскIоб бугеб кьода хIалтIи унеб буго хIинкъи гьечIеб лъелго хьвадулел гIадамазе нух гьабизе. Гьениб лъезе буго цIулал нух ва хасал шлагбаумал. Гьез кIудияб хIалтIи гьабулеб заманалда лъелго хьвадулел гIадамазул хIинкъигьечIолъи чIезабизелъун.

Гьединго тIаде жубазе ккола, хIалтIаби ине руго кьода тIаде цо - цо ккун гурони техника унеб гьечIолъиялда, кьодасан бищун дагьаб хехлъиялда, кьоялъул тIадкIалалда динамикиял нагрузкаби кьечIого ва гьелъул вибрациял ккечIого рукIине. Гьеб данде кколеб букIуна гIадатияб автотранспорталъул хьвадиялда, гьениб автотранспорталъул хехлъи цIикIкIиналъ ва хьвадиялъул хIалуциналъ гIемерго цIикIкIинабулеб букIуна конструкциялда тIад бугеб нагрузка, гьелъ кьо хехго биххизабизе бегьула.

Дагъистан Республикаялъул нухмалъулесул ишал тIуразарулев Федор Щукинил тIадкъаялда рекъон тIоритIулел руго хехаб кумекалъул хIалтIаби. Регионалъул нухмалъулесда гьоркьоса къотIичIого лъазабулеб букIуна лъим бачIиналъ зарал гьабураб нухазул инфраструктура цIигьабиялъул хIалтIаби кин унел ругелали.

Аслияб мурад ккола республикаялъул гIадамазе ва гьенире рачIунезе кIванагIан хехго хадусеб чанго соналъ хьвадизе хIинкъи гьечIел нухал чIезари.










### Пушкинская карта

**Пушкинскую карту могут получить школьники и студенты от 14 до 22 лет включительно.**

Каждый год баланс пополняется на 5 000 ₽ за счет бюджета.

Деньги можно тратить на билеты в театры, музеи, на выставки и экскурсии по всей стране.

До 2 000 ₽ можно потратить на билеты в кино.

**Как оформить карту**

1. Иметь подтвержденную учетную запись на Госуслугах.
2. Скачать приложение «Госуслуги Культура».
3. Выпустить виртуальную карту по подсказкам в приложении.

**Как купить билет**

1. Выберите мероприятие с отметкой об участии в программе (в приложении «Госуслуги Культура», на портале Культура.РФ).
2. Оплачивайте картой онлайн или в кассе.
3. На входе обязательно нужен паспорт!

**Важные нюансы:**

- Нельзя пополнить или снять деньги.
- Только 1 билет на 1 мероприятие (купить другу по вашей карте не выйдет).
- Остаток сгорает 31 декабря, но в январе счет обновится снова.



# ХIалтIулаб дандчIвай

**Хьаргаби районалъул бетIер М. ТIагьировас администрациялъул кIалгIабахъ тIобитIана ихтиярал цIуниялъул структурабазул вакилзабигун хIалтIулаб дандчIвай.**

Цебе босараб аслияб суал букIана сентябралда тIоритIизе ругел рищиязде ва цIияб цIалул соналъул байбихьиялде хIадурлъиялда хурхарал.

Хас гьабун кIвар кьуна районалъул территориялда общественнияб гIадлу-низам цIуниялъул ва комплекснияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул суалазе.

Данделъиялда гIахьаллъана ОУУП ва ПДНалъул охранаялъул управлениялъул начальникасул заместитель, полициялъул полковник Б. Арслангереев, Хьаргаби районалда ОМВДялъул начальник М. Зубаиров ва гьесул заместитель Ш. Рамазанов.

Цадахъаб совещаниялда гьоркьоб лъуна рищиязул заманаялъ гIадлунизам хвезабунгутIиялде руссинарурал тадбиразул рахъазда тIад хIалтIи гьабиялъул суал, дежурстваби гIуцIи ва ккараб лъугьа – бахъиналде хехгьабун жаваб гьабизе ккеялъул рахъал. Хасгьарун цере росана лъай кьеялъул гIуцIиязда I сентябралда цебеккунисеб къоялъ хIинкъигьечIолъи цIуниялъе школазда аскIоб патрулазул маршрутал гIуцIи, территориязул халгьаби ва лъайкьеялъул гIуцIиязул администрациязулгун цадахъаб хIалтIи гIуцIи.

ДандчIваялъул хIасилалда хIисаб гьабуна тадбиразул цадахъаб хIалтIул план гIуцIиялъул, цере лъурал масъалаби рагIалде рахъинаризе заман чIезабуна ва жавабиял рихьизаруна.

Районалъул бетIерас тIадчIей гьабулеб буго общественниябгун - политическияб ва социалияб периодалда киналго гIуцIиязул цадахъаб гIаммаб хIалтIул хIасилалдалъун, районалда гIодобичIараб, хIинкъи гьечIеб ахIвал-хIал букIинабизе рес букIиналда.





# Байбихьи лъикIаб буго

**Гьаб соналъул 6 июлалда Хьаргаби росдал администрациялъул бетIерлъун вищана Шапиев МухIамад. ХIалтIизе къуват кьеги, росдае баракатавлъун гьавеги Аллагьас. Рищиял тIоритIаралдаса гIемераб заман гьоркьоб ун гьечIониги районалъул «Церехун» газеталъул хIалтIухъабазда лъикIаблъун бихьана МухIамадгун дандчIвай гьабизе ва гьес хIисабалде росарал хIалтIабазул хIакъалъулъ газеталъул гьумералда бахъизе.**



Рищиял тIоритIун нахъисел къоязго рарал цIадаз кIудияб зарал бачIине гьабуна нилъер районалъул гIурул мухъазде, гьезда гьоркьоб нилъер росдаеги. Зарал бачIарал гIададмазул рукъзабахъе щвезе ккана хасаб комиссиягун цадахъ. Гьелъги биччана замана. ГьабсагIаталда росдада цере чIарал суалаздасан ккола.

— **ЛЪАЛЪАЛЕБ ЛЪИМ.** Росдал абухIна майданалде бачIунеб лъел бетIер гьабизе кьун букIана пачалихъалъулаб мелиорациялъул гIуцIиялъухъе. ХIисаб гьабураб мехалда рекIеде кколеб буго росдал гIададамаз гьабизе тун букIарабаниго лъикIаб букIинароанилан. Цо хIалтIаби гьарун лъугIун рукIунаро, цогидаб бакI тIун ун тIадруссун гьеб гIуцIиялъул чи рачIине бала лъикIаланго замана. Кидаго букIараб жо гуро августалъул ахиралдецин заман щун бугониги абухIна майданалде лъим гьезе кIвечIо. Росуцояз гьабулеб букIарабани ахIуд рахъун, ракIунтун хIалтIаби хIасил кьолеб къагIидаялъгIаги гьарун рукIинаан.

Гьанже киназго абулеб буго гьеб хIалтIи гьабизе тIадкъараз гьабеян.

— **ГЬЕКЪОЛЕБ ЛЪИМ.** ГьабсагIаталда тIад школалда аскIобги, годекIанибги, поликлиникаялда цебеги ва цогидалги бакIазде пластмасалъул рогIраздасан бачун буго иццул лъим. Гьеб бачине кIвана гьечIел, рукIинчIел бакIаздасан цIадал цIикIкIараб сон букIиналъ иццал раккун рукIун, тIадеяб бачIунеб сон кинаб букIинебали лъаларо. ГЭ-Салъул хIорихъан, росдал имам ГI. ГIумархIажиевасул кумекалдалъун рачунел ругел пластмассаялъул рогIрал цIоричIого рукIине лъолел руго ракьулъан. Гьел лъезе кIиго участка хутIун буго техникаялъул къуват гIоларого букIиналда бан цодагьабги къуватаб Хьвартихьуниб – Курмиб – Хьаргаби – КIикIуниб лъел рогIрал лъолеб гIуцIиялъ гьеб бачIинегIан. Гьелъие росарал къачIарал рогIралги гьеб лъезе хIалтIухъабиги руго.

Хьвартихьуниб – Курмиб – Хьаргаби – КIикIуниб лъел рогIрал рачине хIисабалда буго росдал лъабго лъим данде бакIарулеб хIавузалде. ГIаймакдерил гохIде, ТIадгIурикIкIанда авалалде ва рацулмайданалде. Гьенисан рикь – рикьун лъезе руго лъел рогIрал щибаб авалазде.

**НУХАЛ.** – Гьал къоязда кIиго автомашина хьилалъул тIун ремонталъулал хIалтIаби гьаруна Габурлъуда нахъа ва асалъарахъ авалалда ругел нухазда. ЧIанкисан хобалазде щвезегIан кIалахъа эхеде ругел нухазда гьаруна ремонтал. Кьодухъа бахъараб хъациялъул кьоде щвезегIан бан буго нухазде чабах гIагараб заманаялда жаниб гьеб битIизе гьабизе буго.

**БОЦIИ.** Гьаб ахираб заманалда кинго кIолеб гьечIо боцIул бетIергьаби гIадлуялде рачине. БоцIуда рахъад ине чи таниги гьесда цебе гьечIого жидецаго рокъоса къватIире ралагьизе гьарун толел руго боцIи. Росуцоял, нилъецаго гьабуни букIунеб жо буго гIадлу – низам. ГьабсагIаталда магъилъ ва абухIна майданала тун руго хьаравулзаби. ЛъикIаб букIинаан росдал администрациялде тIаде рехун течIого нужецаги нужерго боцIул жаваб кьунани.

Росуцояздехун дир кIудияб гьари буго росулъ анкьида жаниб лъабго къоялъ мусор баччулеб машинаги хьвадулеб бугониги росулъ республикаялъулаб программаялда рекъон лъун буго лъабго муссор бакIаризе гьабулеб площадка, гьел жеги хIалтIизе риччан гьечIо бегьулеб батани муссор машиналде тIаде рехун нилъедаго сверухъ бакI чорок гьабуге, гьел гьел площадкабазда мусорги лъоге.

Росдал администрациялъ тIоритIулел кинал ругониги хIалтIабазулъ нухазда, лъим чIезе гьабиялда бокьилаан жигараб гIахьаллъи гьабизе рачIани. Кидаго гуро росдал админисрациялъул батIи – батIиял хIалтIабазе риччарал гIарцулал сурсатал рукIунел, росуцоязул жигаралдалъун гIемерал хIалтIаби гьаризе бегьула.

Цогидал нилъедаса гIисинал росабалъги гIемерал жамагIаталъе пайдаял хIалтIаби тIуразарула цадахъ рахъун гьабулеб хIалтIул хIасилалда, гIадада гурелъул аби бугеб жамагIаталъул газа кьурдаги рекIунилан. Росулъ гьаризе хIажатал суалалгун рачIа советалде, дандбала ва цадахъ рекъон хIукмуги тIубазабила.

# БахIарчиясул цIар – цIияб школалъе

**ЦIияб цIалул соналде МахIачхъалаялда рагьизе буго Россиялъул БахIарчи Хьаргаби районалдаса ГIаймакиб росулъа МухIамад Исбакиевасул цIаралда 62-абилеб школа.**



Дагъистаналъул вице-премьерасул ишал тIуралев Муслим Телякавовги щвана Ленинский районалда бугеб Ветеран микрорайоналда цIибараб 62-абилеб школа цIияб цIалул соналда рагьизе хIадур бугищали хал гьабизе. Гьениб букIине буго 620 цIалдохъанасе бакI.

Классал къачIан руго цIалуе хIажатабщинаб къайиялдалъун ва цIалул соналде хIадур руго.

Школалда буго 300 чи гIодов чIезе бакIал ругеб актовияб зал, гьединго хIажатабщинаб къайиялдалъун хьезабураб спортивияб залги. Школалда гьединго гIуцIун буго тIадагьаб атлетикаялде цIалдохъаби машгъул гьаризе бакIги.

62-абилеб школа байбихьун букIана миллияб проекталда рекъон, 2024 соналда. Школалда аскIобго буго пачалихъалъ ятимал лъималазе квартираби къураб минаги.





# Ругьун гьариял тIоритIана

**2026 соналъул 18 августалда тIолабго Россиялъул гIаммаб лъай кьеялъул ва гьоркьохъеб профессионалияб лъай кьеялъул гIуцIиязул территориязда тIоритIана ракIалда гьечIел балагьал ва лъугьа бахъинал тIаде рачIиндал гьаризе кколел цIуниялъул тадбирал лъадариялъул масъалаялда хIалтIухъабазда гьоркьор ругьун гьариял.**



МалъиялъултадбиртIобитIиялъе чанго масъала цебе лъун букIана: охранаялъул хIалтIухъабаз ва лъай кьеялъул гIуцIиязул хIалтIухъабаз, ракIалда гьечIеб гьужумалдалъун гьоркьлъалие чи росун ругони тIуразе ккол жалазул тартиб лъазаризе; цIа рекIунел лъамалъаби хIалтIизарун гьужум гьабуни яги БПЛА бачIани гьаризе кколелъул малъа-хъваял гьаризе.

Ругьун гьариял тIоритIиялъул аслияб масъала ккола битIун ва гIодоре риччан кколеб лъугьа-бахъиналде жаваб гьаби; кьвагьи-гIанхъи ккун бугони гIадамал хIинкъи гьечIеб бакIале гочинари ва гь ц.

Ругьун гьариязул хIасилалда лъазе къваригIараб букIана, хIинкъи гьечIолъиялъул тохал бакIал тIатизари ва цIуниялъул план лъикIлъизабизе.

Хьаргаби №2 гьоркьохъеб школалде хIалтIулаб сапаргун гьоболлъухъ рачIун рукIана МЧСалъул специалист Р. МахIмутIов ва полициялъул сотрудник И. ГIабдулатIипов. Гьезул бербалагьиялда гьоркь, школалъул хIалтIухъабазулгун ругьун гьариял тIоритIана.

РакIалда гьечIеб хIинкъи бачIани, учителасда тIадаб гьабизе кколелъул баянал кьуна ва гIумру цIуниялъул мурадалда рахчиялъул тадбир лъадарана.

Ругьун гьариял жеги тIоритIизе хIисабалда буго лъимал цIалуде рачIиндалги, цIалдохъабазул ва учительзабазул гIумруялъе хIинкъи гьечIолъиялъе цадахъал тадбирал тIураялда тIад хIалтIизе.

ХIинкъи гьечIолъи цIуни киназулго гIаммаб жавабчилъи ккола, профилактика гьелъул аслияб кьучIги буго.

# ГУНИБСКАЯ МЕЖРАЙОННАЯ ПРОКУРАТУРА
# С О О Б Щ А Е Т :

**Уважаемые жители!**

Если вы столкнулись с бездействием должностных лиц или видели, что совершено преступление, звоните по этому номеру мобильной связи:

8 (988) 459-39-93

**В КАКИХ СЛУЧАЯХ НУЖНО СРАЗУ ЗВОНИТЬ В ПРОКУРАТУРУ:**

1. У вас украли деньги с карты или потребовали перевести их!

2. Ваш Телеграм, Ватсап, Макс или Госуслуги взломали и вы не можете воспользоваться аккаунтом!

3. С вашего номера телефона мошенники уже отправили сообщения вашим родственникам с просьбой о помощи или о переводе денежных средств!

1. Увидели драку, кражу или хулиганов!

2. Нашли в траве, под камнями или в подъезде маленькие пакетики, шприцы или странные предметы, свертки!

**—> НЕМЕДЛЕННО ЗВОНИТЕ!**

Чем быстрее вы позвоните, тем больше шансов найти правонарушителей, вернуть ваши деньги, раскрыть преступление и привлечь виновных к установленной законом ответственности!

**НАШ ТЕЛЕФОН:**

**8 (988) 459-39-93**

## Уважаемые пациенты!

Информирует вас, что на основании постановления Правительства РД №398 от 11. 12. 2025 г. с 01. 01. 2027 г. все инвалиды (1, 2, 3 гр., а также дети - инвалиды), имеющие отказ от пакета социальных услуг (НСУ) не будут обеспечены льготными (бесплатными) лекарственными препаратами за счет федерального и регионального бюджета!!!

Просим вас обратиться в пенсионный фонд РФ или МФЦ до 01. 10. 2026 г. для сохранения пакете социальных услуг.

# Служба по контракту




**До 31 августа включительно в Республике Дагестан предусмотрена дополнительная выплата для граждан, заключающих контракт с полком резерва на 1 год и более – военнослужащему выплачивается единовременные денежные выплаты в размере до 4 500 000 руб.:**

400 000 руб. – федеральная выплата;

500 000 руб. – региональная выплата;

3 000 000 руб. – региональная выплата (подразделения резерва);

от 100 000 до 600 000 руб. – выплаты от городов и муниципальных образований;

Зарплата военнослужащих начинается от 210 тысяч рублей в месяц.

от 6 500 000 — итого за год, с учетом единовременных выплат и заработной платы.

Заработная плата – от 210 тысяч рублей в месяц.

До 300 тысяч рублей увеличена единовременная выплата добровольцам отряда «Каспий».

**Дополнительную информацию можно получить в пункте отбора по Дагестану: т. 8 (989) 484-69-95.**

*Цо гӀакъилаб рагӀиялъ*
*гӀадлуялде рачуна*
*Цо тӀамураб кициялъ канал*
*берал рагьула*

***Инхоса ГӀали-хӀажияв***

## Авар кицаби ва абиял

Гьудулас бадибе абулеб, тушманас нахъасан абулеб.

Гьудулас нахъасан веццулевила, тушманас бадиве веццулевила.

Гьудулас нилъер гӀунгутӀаби нилъеда рицунел, тушманас чияда рицунел.

Гьудуласе гӀоло рухӀ кьезе бегьула, амма гьединав гьудул ватизе захӀмалъула.

Гьудуласе кьураб жо - нахъе лъураб хазина.

Гьудулзаби ругесе дуниял майдангӀан гӀатӀидаб, гьудулзаби гьечӀесе огъохъатгӀан кълваридаб.

Гьудуллъи буго гьабизе бигьаяб, тезе захӀматаб жо.

Гьудуллъи гӀел бащадасулгун гьабе, гьалмагълъи хӀал рекъолесулгун гьабе.

Гьуинаб квен кьогӀ гьабулеб кьалалдаса, кьогӀаб квен гьуин гьабулеб рекъел лъикӀаб.

Гьуинаб мацӀалдаги загьруяб хеч батулеб.

Гьуинаб рагӀуца махх-чаранги биунеб, гьуинаб махсароялда хваралги релъулел.

Гьуинабги цӀекӀабги чӀамидал лъала.

Гьукъараб жо - берцинаб.

Гьумер берцинлъизе - кьенсер, кьибил берцинлъизе бихьинчи.

Гьумер битӀарасул гьудул гӀемерав.

Гьумер чӀегӀерав ракӀ бацӀцӀадавги вукӀуневила, гьумер хъахӀав ракӀ чӀегӀеравги вукӀуневила.

Гьунар бугел цо къоялъцин


Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
БатӀи-батӀиял соназда газета къватӀибе бачӀунеб букӀана хадур рехсарал цӀаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в типографии ООО «Лотос», пр-т Насрутдинова, 61.
Претензии к качеству печати принимает типография.
Заказ № ________. Тираж 700 экз.



**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хӀужабазул, тарихазул, цӀаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихьаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**



Подписано в печать 20 августа 2026 г. в 22:00.
По графику — 22:00.
**Индекс 51350. Цена свободная.**